



Kisa Interboro RHIO ye?

Yo kreye Interboro RHIO pou pèmèt founisè swen sante yo fè echanj enfòmasyon antre yo – pami founisè swen sante yo, genyen lopital, etablisman swen adomisil, ak medsen kominotè - ki nan Queens, nan Nò Brooklyn e ki nan zòn vwazen yo.

Pifò founisè swen sante yo konsève enfòmasyon sou sante w sou papye ki konstitye dosye w oswa nan sistèm òdinatè ke se yomenm sèlman ki ka al ladan yo. Si w al kay plis ke yon doktè, gen anpil chans ke dosye w yo konsève nan plizyè kote diferan. Sa vin fè l difisil pou yo rasanble tout dosye w yo ansanm defason pou yo gen yon detay konplè sou sante w.

Interboro RHIO sipòte teknoloji ki pèmèt doktè w yo, enfimye w yo ak lòt founisè swen sante w yo pou yo pataje dosye medikal yo apatide yon rezo enfòmasyon, olye pou yo baze yo sou enfòmasyon w ki ekri sou papye. Teknoloji sa a pral ede founisè swen sante w yo – sètadi doktè w la – pou l rann enfòmasyon sou sante w disponib bay lòt founisè ke w chwazi yo, defason pou w ka resevwa pi bon swen.

Kijan Interboro RHIO ka ede w?

- Lè dosye w yo disponib byen fasilman yon sèl kote nan òdinatè a, doktè w yo ka gen yon detay pi konplè sou kondisyon sante w, e lè sa a w ap ka resevwa pi bon swen.
- Lè w ede founisè swen sante w la wè rezilta tès medikal ou yo, sa ka evite ke w fè sèten tès pliske yon fwa.
- Li pi fasil pou yo jwenn prese prese, enfòmasyon medikal sou ou ki ka sove lavi w nan yon ka dijans
- Ou pap oblije reponn menm kesyon an tout tan, achak fwa w al kay yon doktè, nan yon klinik oswa lopital.
- Enfòmasyon w lan pwoteje nan yon sistèm ke se moun kap ba w swen yo sèlman ki ka ale ladan l, e yo fè sa sèlman lè w bay konsantman w.

Kouman pou m patisipe ladan l?

Ofiramezi Interboro RHIO ap devlope e ke kantite doktè kap patisipe ladan l lan ogmante, founisè swen sante w la ka mande w pou w bay « konsantman » - oswa pèmisyon – pou l aksede enfòmasyon pèsònèl sou sante w atravè teknoloji Interboro RHIO a.

Chak pasyan gen dwa pou l deside kilès moun ki ka gen aksè a enfòmasyon sou sante l atravè Interboro RHIO, lè pasyan an bay konsantman l. Si doktè w la oswa lòt founisè swen sante patisipe nan Interboro RHIO, yo pral ba w yon fòmilè konsantman pou w sa deside si yo gen pèmisyon w pou yo wè enfòmasyon w defason pou yo sa ba w pi bon swen. Si w bay konsantman w, yo pral itilize enfòmasyon elektwonik sou sante w pou

- Ba w tretman medikal ak sèvis ki gen rapò ak tretman medikal ou
- Verifye si w gen asirans sante epi verifye kisa asirans lan kouvri
- Evalye epi amelyore kalite swen medikal yo bay tout pasyan yo



Se dwa w pou refize bay konsantman w a nenpòt ki moman. Si w refize bay doktè w la oswa lòt founisè swen sante konsantman w, yo pap kapab gen aksè a enfòmasyon sou sante w atravè Interboro RHIO -- *menm nan yon ka dijans.*

Desizyon w pou bay konsantman w oswa pou refize bay konsantman w pap afekte abilite pou w resevwa swen medikal oswa pou asirans sante kouvri w.

Si w deja bay konsantman w, ou ka retire konsantman sa a nenpòt ki lè; pou fè sa, se pou siyen yon Fòmilè pou Retrè Konsantman (Withdrawal of Consent Form) epi voye l bay Interboro RHIO. Ou ka jwenn fòmilè sa yo sou sit entènèt Interboro RHIO a nan interbororhio.org.

Enfòmasyon yo ka jwenn atravè Interboro RHIO ka gen ladan l TOUT enfòmasyon medikal ou, ikonpri, men san yo pa limite a sa yo sèlman: enfòmasyon delika ki gen rapò ak VIH/SIDA, enfòmasyon sou sante mantal, enfòmasyon sou maladi jenetik, oswa enfòmasyon sou tès, enfòmasyon sou abi alkòl oswa dwòg, enfòmasyon sou maladi ki transmèt nan fè sèks, ak enfòmasyon sou planin familyal.

Èske enfòmasyon sou sante m pwoteje?

Gen anpil moun ki enkyete yo sou zafè konfidansyalite ak pwoteksyon enfòmasyon yo lè sa konsène sante yo. Interboro RHIO ap fè tout efò l pou l sa pwoteje konfidansyalite dosye elektwonik sou sante w yo:

- Se sèl doktè, anplwaye, ak òganizasyon ke w chwazi atravè yon fòmilè konsantman ki gen pèmision pou gen aksè a dosye w atravè Interboro RHIO
- Mezi sekirite tankou modpas ak lòt fòm pwoteksyon pral anpeche moun gen aksè a dosye w san pèmision w
- Ou ka mande pou yo ba w yon lis ki gen non tout moun nan Interboro RHIO ki te al nan dosye w
- Sizoka yo ta al nan dosye w ilegalman, nou va fè w konn sa e pral gen mezi ki pral pran pou korije pwoblèm nan defason pou sa pa fèt ankò.
- Tout founisè kap patisipe nan Interboro RHIO yo fèt pou suiv lwa sou konfidansyalite ak sou kenbe enfòmasyon yo prive ke leta Nouyòk ak gouvènman federal la tabli

Kijan m ka jwenn plis enfòmasyon sou Interboro RHIO?

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou patisipasyon nan Interboro RHIO oswa pou wè si doktè w la fè patide de sistèm nan, ou ka vizite nou nan sit entènèt la ki se

www.interbororhio.org

Oswa rele nan 718-334-5844 oswa voye yon lèt demann nan Interboro RHIO, PO Box 800038, Elmhurst, NY 11380.

Detanzantan nou pral mete lis founisè kap patisipe yo ajou ofiramezi ke Interboro RHIO ap gen plis patisipan.